Konsantman paran pou patisipe nan evalyasyon Pwogram edikasyon onivo Teknoloji nan *Queens*

Chè Paran,

Lekòl pitit ou a ap patisipe kounye a nan yon pwogran distri a pou pwofesè yo ka itilize konpitè ak lòt teknoloji pou ede elèv aprann pi byen. *ReLearning Curve* ap kolekte enfòmasyon sou Pwogram lan pou ede detèmine si pwogram lan ap mache, ak kòman yo ka amelyore l. Pou nou ka fè sa avèk siksè, nou bezwen konnen kòman elèv yo ap itilize konpitè pandan ane lekòl la, ak enfòmasyon sou pwogrè akademik yo nan *Arts* lang angle *English Language Arts* (ELA).

N ap analize nòt ELA elèv yo pa klas. Nòt yo pa p gen okenn non elèv sou yo. Sa pa p afekte ditou sitiyasyon akademik pitit ou a ni patisipasyon l nan pwogram oswa aktivite lekòl la.

Y ap mande elèv yo pou yo ranpli yon fèy sondaj byen kout nan kòmansman ak nan fen pwogram lan sou fason yo itilize konpitè pandan lekòl. N ap itilize enfòmasyon sa a pou rapò nou an ak pou ede lekòl la pran desizyon sou teknoloji. Pwofesè pitit ou a ap distribiye fèy sondaj la an Septanm/Oktòb 2010 ak Jen 2011. Li gen apeprè 25 kesyon, epi li ta dwe pran apeprè 15 minit pou ranpli l.

Patisipasyon nan sondaj la pa obligatwa. Y ap mande pitit ou a si l vle ranpli sondaj la, e li ka swa dakò swa pa dakò fè l. Sondaj la ap anonym, sa vle di yo p ap mete okenn non sou fèy sondaj la ni sou fòm ki avèk li yo. Yo p ap pini pitit ou a si l pa ranpli fèy sondaj la.

Nou pa prevwa okenn risk pou pitit ou a lè l ranpli fèy sondaj la. Sondaj la gen ladan l sèlman kesyon sou eksperyans edikatif, se pa eksperyans pèsonèl, sosyal, emosyonèl oswa eksperyans lakay li. Avantaj yo prevwa se pitit ou a ki pral kapab fè pi bon chwa osijè teknik modèn pou ansèyman *instructional technology*, k ap bay elèv yo plis aksè.

Si w pa vle pitit ou a patisipe, tanpri siyen fòm sa a, epi voye l tounen ba pwofesè pitit ou ke nou endike pi ba a**. Si w pa siyen fòm sa a pou voye l tounen ba nou, n ap konsidere ou dakò pou pitit ou a patisipe.**

Si w dakò pou pitit ou a patisipe, ou ba bezwen fè anyen ankò. **Si w pa siyen fòm sa a pou w voye l tounen ba nou, n ap konsidere ou dakò pou pitit ou a patisipe.**

NON, MWEN PA VLE PITIT MWEN AN PATISIPE*. Mwen li enfòmasyon ki pi wo a, e* ***MWEN P AP*** *bay pitit mwen an pèmisyon pou patisipe nan koleksyon done pou pwogram Amelyorasyon edikasyon grasa Teknoloji Enhancing Education Through Technology (EETT) a.*

Non pitit ou a	**Non pwofesè/Nimewo klas**
Siyati w	**Dat**

Si w gen nenpòt kesyon ou ka kontakte moun k ap fè rechèch yo nan *ReLearning Curve*, Josephine Imbimbo nan (646) 330-5951. Ou ka kontakte tou pwofesè pitit ou a si w gen kesyon sou sondaj sou teknoloji a.